

## REZIME POLITIK ASISTANS FINANSYE NAN LANG SENP

Apèsi

Nenpòt pasyan kapab mande asistans finansye. Nenpòt lòt moun ki responsab pou peye pou swen pasyan an tou ka mande asistans finansye dapre Politik Asistans Finansye Memorial Healthcare System nan (MHS).

Politik sa a disponib pou nenpòt moun nan rele Depatman Sèvis Finansye pou Pasyan an nan (954)276-5501, Depatman Kalifikasyon nan (954)276-5760 oswa nan mande an pèsòn nan zòn admisyon/enskripsyon nenpòt etablisman swen egi MHS yo ki sitiye akote koulwa prensipal la nan chak etablisman oswa nan biwo Kalifikasyon nan 2900 Corporate Way Miramar. Pandan l'jans Sante Piblik, bilding 2900 Corporate Way Miramar la fèmen. Manm pèsònèl la disponib pou diskite epi eksplike FAP a lendi jiska vandredi ant 8am a 4:30pm.

**Politik Asistans Finansye a disponib tou atravè sitwèb MHS la nan <http://www.mhs.net/patients/billing/financial-assistance.cfm>.** Asistans finansye a disponib sèlman pou pasyan an oswa pati responsab la si yo pa ka peye pou swen medikal pasyan an. Kapasite pou peye a pral detèmine nan itilize Gid Federal pou Povrete a (FPG). Gouvènman federal la mete gid sa a yo ajou chak ane. Kapasite pou peye tou detèmine pa ekzamine byen yo. Yo pa pral bay asistans finansye pou swen medikal sof si li nesèsè sou plan medikal. Ka opsyonèl yo pou pasyan ki pa abite nan distri Lopital South Broward yo pral revize sou yon baz ka pa ka.

### Disponibilite Asistans Finansye

Si pasyan an oswa pati responsab la mande asistans finansye, MHS pral detèmine si pasyan an oswa pati responsab la gen kapasite pou peye. Egzamen, oswa seleksyon sa a, pou asistans finansye a li gratis. Montan asistans finansye yo mande a dwe plis pase 500 dola. Asistans finansye pa disponib lè pasyan an chwazi peye nan to fòfè oto-peye ki aplike sèlman lè peman an fèt anvan sèvis la oswa egzeyat.

Pasyan oswa pati responsab yo pral konsidere pou rabè jiska 100% si yo gen yon revni total nan fwaye a ki mwens pase 200% nan FPG a. Pasyan oswa pati responsab yo pral konsidere tou pou rabè jiska 100% si balans total yo dwe a plis pase 25% revni total anyèl fwaye yo. Yo pral konsidere yo tou si revni total fwaye a pa plis pase 4 fwa FPG a pou yon fanmi ki gen 4 moun.

Pasyan oswa pati responsab yo pral konsidere pou rabè soti nan 75% a 90% lè revni total fwaye yo se ant 201% ak 400% Gid Povrete Federal yo.

Tanpri al gade nan politik konplè a pou yon eksplikasyon konplè ak detay

### Kijan pou aplike pou Asistans Finansye

Pasyan an oswa pati responsab la sèlman dwe avise Depatman Sèvis Finansye pou Pasyan MHS la nan (954)276-5501, oswa Depatman Kalifikasyon an nan (954)276-5760 ke yo ta renmen aplike pou asistans finansye. Si yo fè demann sa a oswa si yo di nou ke yo ta ka bezwen asistans pou peye bòdwo yo, yo pral ba yo yon Fòm Evalyasyon Finansye. Yo pral ba yo tou yon lis dokiman yo pral gen pou bay pou manm pèsònèl MHS yo ka wè si yo ranpli kondisyon yo pou asistans finansye. Aplikasyon an ansanm ak lis dokiman egzijib yo disponib nan <https://www.mhs.net/patients-visitors/billing/financial-assistance>

Pasyan an oswa pati responsab la gen jiska 120 jou pou bay manm pèsònèl MHS yo tout enfòmasyon yo mande yo. Ansuit, pèsònèl MHS la pral revize enfòmasyon yo epi detèmine si pasyan an oswa pati responsab la satisfè direktiv asistans finansye yo. MHS pral di pasyan an oswa pati responsab la alekri si yo kalifye oswa pa kalifye dapre direktiv Politik Asistans Finansye yo.

Yon fwa MHS detèmine ke yon Pasyan oswa yon pati responsab kalifye pou resevwa asistans finansye anba Politik Asistans Finansye a, yo pa pral chaje li plis pase Montan yo Jeneralman Chaje yo (AGB). Nan MHS, AGB a detèmine atravè "Metòd Retwospektif" ki kalkile pousantaj mwayen chaj konpayi asirans peye epi aplike pousantaj sa a nan kont pasyan an. Kalkil la disponib nan MHS.net oswa nan zòn Enskripsyon nenpòt etablisman.

Tanpri gade nan politik konplè a pou yon eksplikasyon konplè sou kalkil la.

Politik Asistans Finansye a, Fòm Evalyasyon Finansye a, ak rezime nan sa a lang senp dwe prepare an Angle, Panyòl, Franse, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Vyetnamyen ak Ris. Tout dokiman sa yo disponib nan [www.mhs.net/patients-visitors/billing/financial-assistance/policy#languages](http://www.mhs.net/patients-visitors/billing/financial-assistance/policy#languages)